



INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaïves, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

Lè nanm la enkane li genyen 2 nati inivèsèl li pral devlope, pandan pasaj li sou latè a, pou kelkeswa moun la, ras li, relijon l, kilti l.


Nap di lòm inivèsèl genyen 2 Nati.

Nanm la ki nan yon kò fisik, genyen 2 Nati :

- Li genyen yon nati sansib (Feeling - Sentiment) - Nati sila a se kè a
- li genyen yon nati entelektyèl - Nati sila a se tèt la.

Nati sansib la, li devlope a pati de kè a,

Nati entelektyèl la devlope a pati de tèt la.



**Tout moun sou late genyen 2
nati ...**

Nati entelektyel la, tet la , se li ki vle toujou konpran n , pwouve, diseke, analize tout bagay.

Nati sansib la , kè a, se la ke lòm toujou vle cheche vini youn ak Dye - youn ak la nati, se santiman natirèl ou.

Nan vi espirityèl luminivèsèl lòm, metriz pou li genyen se metriz santiman ak emosyon



INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaïves, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

Santiman se yon vibrasyon natirèl ki soti nan kè w, nan sansitivite w ou pa dwe konfon yo ak emosyon ki soti a pati konsèp ke w apran nan entelek ou

Santiman se yon experyans sonsoyèl ki deklanche pa yon pèsepsyon de yon eleman ekstèn oswa panse entèn nan nou.

Emosyon lye ak jijman ke fè de yon pèsepsyon ki genyen atach ak sa w apran n nan lavi.

Matirite espirityèl vle di rive kenbe yon ekilib nan 2 nati sila yo.

Fòk ou ka rive genyen yon santiman pou chak panse

Fòk ou ka rive genyen yon panse pou chak santiman.

HOMME UNIVERSEL

Tête Nature Intellectuelle

Tèt la se nati entelektwèl la

Kè a se nati sansib la

Nature Sensible

Coeur

Yon nati gendwa pli devlope ke lòt la. Ou gen dwa yon moun tèt, kote w vle konpran n tout bagay, lè li plis ekilibre ke nati sansib la, ou kapab genyen difikilte ak santiman zòt. Pa ekzamp yon papa ki telman okipe nan travay li, lè pitit li ale jwen li pou afeksyon li gendwa repouse 1 , li di li okipe li pa genyen tan pou sa.



INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaïves, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

Nati sansib la gendwa ki devlope, kote sansibilite w vini eleve anpil, kote w afekte fasilman pa environman w.

Pou w ka kenbe ekilib la fòk ou konnen tèt ou. Tou 2 nati yo genyen wòl yo nan lavi chack jou.

Pou apran n konnen tèt a pati 2 nati sila yo, fòk ou rive konpran n kounman w pèsevwa reyalite?

Eske w pèsevwa reyalite a pati de sansibilite w , ouswa a pati de konpreyansyon w, ouswa a pati de vizyon w , ouswa ou toujou konnen ...

4 tip pèsepsyón sila yo (Sansib, Entelektyèl, Vizyone, pwofetik) ou genyen tou lè 4 men genyen 2 ki dominan lakay ou.

Pi devan nan ansèyman yo , nou pale plis sou 4 don sila ke nap rele don espiritèl, ki devlope lakay tout nan m ki enkane ki rive devlope 2 nati li yo.

Nati entelektyèl la, se li ki bay nesans a syans. ki vle analize, diseke, kontwole, entèprete ak konpran n tout bagay. Li baze sou lojik

Nati sansib la, se li ki bay nesans a relijon.

Nati lòm se yon bagay konpleks ki plen fakilte diferan kap entè aji. Youn nan fakilte esansyèl lòm se "Rezon l" ("la raison") ki senbolize pa tèt pal

Men pou sa ki konsène emosyon se kè a ki responsab. 2 nati sila yo toujou nan konfli, ou dwe toujou chèche ekilib nan mitan yo.

Pou sa ki konsène kè a, li genyen rapò ak emosyon ak santiman. Se kè a ki baz lanmou, kompassyon ak kè kontant (la joie - happiness). Se li baz tout tristès ak tout lòt emosyon ki genyen.

Kè nou, se koneksyon direk ak nan m la ki jwe yon wòl enpòtant nan kapasite nou pou nou resanti anpatie (l'empathie.)

Chèche jwen ekilib nan mitan kè ak tèt li pa toujou fasil. Konfli emosyon ak rezonman kapab mennen w pran desizyon two rapidi, ki manke reflechi.

Yon lòt kote twop rasyonalite kapab mennen w ensansib men devlope yon fwadè emosyonèl



INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaïves, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

Se pou sa li nesesè pou jwen yon ekilib nan 2 nati w yo

Chèche ekilib la se yon prosesus pèsonèl ki mande pou kapab rantre nan ou men m, so yo rele a entrospeksyon ak konpreysndyon tèt li

Fòk ou rive tandem ni kè a ni tèt la, fòk ou rive konsidere ni lojik la ni emosyon yo pou w rive pran bon jan desizyon ki bon pou wou e ki genen attach ak valè w

kestyon a, se kouman rive fè ekilib la ?.

Solisyon a se rive devlope yon **entelijans emosyonèl**, pou w ka rive konnen, rekonèt, konpran n ak jere pwop emosyon w. tankou emosyon zòt to. Lè w rive devlope **entelijans emosyonè ou wap pi byen** konpran n motivasyon w ak motivasyon zòt lè sa a ou rive pran desizyon ki pi ekilibre.

Pou fini nap di ke tèt la ak kè a konplemantè e nou pa dwe konsidere tankou 2 fòs ouswa nati ki opoze. Yo esamsyèl pou w ka viv imanite w sou la tè

Fòs entelekyèl, pouvwa entelekyèl tèt la ansanm ak pwofondè emosyonèl kè a pèmet nou prans desizyon eklere ki genyen sans pou kapab viv plan lavi w sou tè a nsn tout dimansyon l.

Fòk ou pa neglige ni kè ni tèt ... toujou cheche genyen yon santiman pou chak panse ak yon panse pou chak santiman. .

Ansèyman Espirityèl Anperè Réginald Bailly
Gonaïves, Haiti

Oktòb 2023